



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI SEZON NAVIGASYON 2018 SOU SISTÈM KANAL ETA NEW YORK LAN

***Kanal Erie Ouvri soti depi nan Brewerton pou rive Waterford; Rès Sistèm lan pral
Ouvri nan dat 18 Me***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti sezon navigasyon 2018 lan sou tout 843 kilomèt Sistèm Kanal Eta New York lan (New York State Canal System), pandan l'ap selebre 100èm anivèsè li ane sa. Rejyon lès Kanal Erie an, pwolonje soti depi Brewerton pou rive Waterford, ap ouvri jodi a. Rès sistèm lan, ki gen ladan Kanal Erie an, soti depi Brewerton pou rive Lockport, ak kanal Champlain, Oswego ak Cayuga-Seneca, yo ap ouvri nan dat 18 Me.

“Sistèm kanal New York lan te ede konstwi Empire State lan epi li rete yon faktè ekonomik ak touristik kle”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje moun New York menm jan ak vizitè yo pou yo vini epi eksperimante gwo resous New York sa pou tèt pa yo.”

Sa se 194èm ane ke bato yo te travèse Kanal Erie an. Premye bato yo ane a te kòmanse ak vwayaj yo sou sistèm lan apre yon seremoni maten sa nan Waterford, tèminal rejyon lès Kanal Erie an.

“Kanal Erie an se yon pati entegral nan istwa New York epi li te toujou yonn nan destinasyon estival favori mwen yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pandan anpil ane Sistèm Kanal lan te yon pati esansyèl nan ekonomi transpò nou an epi jodi a se yon faktè touristik konsiderab atravè rejyon Nò a, sipòte travay yo ak ti biznis yo. Mwen espere wè yon lòt gwo sezon sou kanal lan.”

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la (New York Power Authority), ajans paran Sistèm Kanal lan, te deklare, “Kit ou sou dlo a oswa ap mache sou yon santye kanal, Sistèm Kanal lan se yon destinasyon prensipal pou amizman ekstèn yo nan New York. Eritaj ak bote koridò kanal lan kreye yon konbinezon ki san parèy”.

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, “Sa se toujou yon moman espesyal nan ane an paske nou ap yon lòt fwa ankò ekspoze gwo

kanal Eta New York yo, ki te vin tounen yon motè ekonomik ki deplizanpli enpòtan pandan ke plis atou touristik ak rekreyatif yo ap vin disponib”.

Pou dezyèm ane de swit, Canal Corporation te retire gichè enpo yo pou bato rekreyatif yo pou ankouraje plis moun sou bato yo vizite. Kanal lan pral rete ouvri pou moun sou bato ki ap divèti yo rive jiska dat 10 Oktòb.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, “Wout Kanal Erie an ap atire vizitè ki soti pre ak lwen yo ak bote inik ak yon sans eritaj pwisan. Prèske 200 ane apre kreyasyon anbisye li, moniman inik sa li an vi ak enèji ekonomik, ki ap alimante touris ak komès toupatou nan rejyon nou an. Mwen kontan anpil pou mwen akeyi lansman nouvel sezon navigasyon Wout Kanal Erie an ak tout moun ki ap navige sou kanal istorik sa nan ane ki gen pou vini an”.

Senatè Kathy Marchione te di, “Kanal Erie ak Sistèm Kanal Eta New York aktyèl lan ap kontinye bay avantaj ilimite pou biznis ak kominote yo toupatou atravè Rejyon Nò New York. Kit li se bato pou pran plezi sou bato, transpò kago yo, oswa moun ki sou bisiklèt sou tout santye Wout Kanal lan - wout dlo istorik sa yo pi enpòtan ke jamè epi nou espere wè yon lòt gwo sezon pou Kanal New York yo”.

Manm Asanble, John T. McDonald, te deklare, “Sistèm Kanal Eta New York lan kontinye rete yon faktè konsiderab pou divètisman ak touris nan gwo eta nou an. Nou gen chans pou nou gen resous sa yo nan lakou nou epi mwen kontan pou mwen wè kòmansman sa ki pral yon lòt sezon navigasyon ki reyisi. Mwen ankouraje chak moun pou yo tire avantaj de koutwazi Canal Corporation ki retire gichè yo epi eksplòre kominote nou yo pandan 100èm anivèsè ane sa”.

Yon etid ki te komisyone pa Canal Corporation te dekouvri ke gen prèske 400 milyon dola chak ane nan depans touris ak rekreyatif dirèk yo sou kanal yo ak Santye Wout Kanal Erie. Sistèm Kanal lan tou gen yon enpak ekonomik anviwon 6.3 milya dola ki soti nan depans ki pa touristik yo ki lye a kouran idwolik, irigasyon, ki ap bay dlo sou tèren gòlf yo ak operasyon faktori yo menm jan ak trafik komèsyal.

Sistèm Kanal eta a, ke yo te konnen anvan sa sou non Kanal Barge, li te sipòte an premye nan fen 19èm syèk lan lè sa pa - Gouvènè Theodore Roosevelt, ki te vle elaji kanal New York yo epi fè yo vin pi konpetif ak wout ray yo pou atire kagezon pasèl yo. Kanal Erie an te ouvri pou premye fwa an 1825, men li te pèdi paske yo te detèmine ke li twò kwense epi mens pou ka akomode kagezon ki gwo yo.

Olye pou yo depann esklizivman sou kanal ke moun te fè yo, menm jan ak de premye vèsyon kanal yo, enjenyè yo “te kanalize” gwo lak ak rivyè yo epi yo te enstale fèmti, baraj mobil yo ak pòtay sekirite yo pou regilarize dlo k’ap kouri yo epi pèmèt kanal navigasyon sekirize yo.

Kanal Barge lan te konstwi kòmansman an 1905 epi li te ouvri ofisyèlman nan Waterford nan dat 15 Me 1918.

Konpare a Kanal Panama a, ki te konstwi prèske nan menm peryòd lan, Kanal Barge lan 10 fwa pi long, li gen prèske 10 fwa kantite fèmti, epi li te konstwi sepandan pou yon tyè depans lan apati itilizasyon lajan leta sèlman.

Aktivite majè yo sou Sistèm Kanal lan ane sa gen ladan yon vwayaj kat mwa sou [GlassBarge](#) Corning Museum of Glass lan, pou make 150èm anivèsè de lè Flint Glass Company te deplase operasyon li yo soti Brooklyn pou vin Corning epi ekspedye ekipman li yo sou Kanal Erie an. GlassBarge lan, ki pral gen yon teyat ki ap voye glas mobil ki gen 150 plas, pral ouvri pou piblik lan nan Brooklyn nan dat 17 Me epi fè 28 eskal piblik pou rive an Septanm.

Sa se tou 20èm ane [Cycle the Erie Ride](#) ki òganize pa Parks and Trails New York. Sejou ywit jou soti Buffalo rive Albany an ap kòmanse nan dat 8 Jiyè. Ane pase a, aktivite a te atire plis pase 750 siklis.

Pou kapab jwenn yon lis aktivite sou kanal yo, ale sou <https://eriecanalway.org/explore/events>. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Sistèm Kanal lan, ansanm ak orè yo lè baryè yo ouvri, ale sou www.canals.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)